



Chè fanmi,

Si pitit ou a te fèt an 2019, li ka ale nan pre-K an septanm 2023! Avan peryòd aplikasyon a ouvri nan fen mwa janveye a, nou ankouraje w pou ranseye w sou kat diferan anviwònman pwogram ki ofri pre-K. Jodi a, nou pral mete aksan sou Sant Pre-K.

Se Depatman Edikasyon nan Vil Nouyòk (NYC DOE) k ap dirije Sant Pre-K yo epi yo ofri sèlman klas ki avan kindergarten. Sant Pre-K bay priyorite pou timoun ki abite nan distri a. Frè ak sè elèv 3-K aktyèl yo gen priyorite tou (lè sa aplikab). Ou ka konnen nan ki distri w ap viv lè w antre adrès ou [la a!](#) **Fanmi ka aplike nan nenpòt lekòl ki enterese yo, menm si li pa nan zòn yo oswa distri yo.**

Ou ta ka konsidere anviwònman sa a si:

- Pitit ou a se yon elèv 3-K kounye a nan lekòl la epi li ap aplike pou pre-K
- Pitit ou a abite nan menm distri ak Sant Pre-K a
- Ou vle pitit ou a patisipe nan yon pwogram ki gen timoun piti sèlman
- Ou enterese nan opsyon ki tou pre kote w ap travay oswa ou ale lekòl, pa sèlman kote fanmi w ap viv - Sant Pre-K pa gen zòn, tout aplikan ki abite nan distri a gen yon priyorite egal.

Tout timoun ki fèt an 2019 ka aplike pou Sant Pre-K. Aplikan ki abite nan distri a, frè ak sè avèk elèv ki nan 3-K kounye a nan sant la (si sa aplikab) gen priyorite pou yo patisipe.

Ou vle jwenn plis enfòmasyon? Ale sou sitwèb nou an nan [nyc.gov/preK](#) pou enfòmasyon sou admisyon 3-K. Nou rekòmande w pou ale nan [Anyè Pre-K \(Pre-K Directory\)](#) nan MySchools pou kòmanse eksploré opsyon pwogram yo. Nan semèn kap vini yo nou pral pataje plis enfòmasyon pou ede w prepare pou admisyon pre-K!

Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan 718-935-2009 oswa ale nan [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center\)](#)

Bòn chans,

Ekip Admisyon 3-K avèk Pre-K

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon pre-K nan [schools.nyc.gov/SignUp](#). Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou koupe abònman an.